



TANGGAPWARA
Pit. BUPATI KARANGANYAR
ING TATA CARA
MALEM TIRAKATAN
AMBAL WARSA KAPING 106
HADEGING KABUPATEN KARANGANYAR
WARSA 2023
KARANGANYAR, 17 NOVEMBER 2023

Assalamu'alaikum wr.wb.
Salam Sejahtera Kagem Kito Sedoyo,
Om Swastyastu,
Namo Buddhaya,
Salam Kebajikan,

Ingkang Kinurmatan Para sedherek
Jajaran Eksekutif, Yudikatif, TNI Polri, Para
sesepuh, pinisepuh, Para Alim Ulama,
Tokoh Agama, Tokoh Masyarakat, Tokoh

Pemuda, Para Pimpinan Organisasi Kemasyarakatan, para wartawan, para tamu sinedahan ingkang winengku ing karahayon saha sedaya warga gung Masyarakat Kabupaten Karanganyar ingkang kula tresnani.

Sumangga sesarengan kula dherekaken ngaturaken puji dalasan syukur wonten ngarsanipun Gusti Allah Ingkang Maha Agung, awit wonten ing dalu punika panjenengan sedaya dalasan kula saget makempal manunggal ing tatacara **“Malem Tirakatan Ambal Warsa Kaping 106 Hadeging Kabupaten Karanganyar warsa 2023”**.

Ing Malem Tirakatan menika mboten namung makempal saha suka parisuka, ananging mugni sageto dados sarana

kangge renungan spiritual, ngiras pantes minangka raos syukur kula lan panjenengan sedaya awit kanugrahaning Gusti Allah ingkang sampun kaparingaken dhumateng sedaya warga masyarakat Kabupaten Karanganyar.

***Warga Masyarakat Karanganyar
Ingkang Winengku Ing Suka Basuki***

Ing tahun punika Kabupaten Karanganyar sampun ngancik yuswa 106 tahun. Sedaya kalawau mujudaken kanugrahan lan berkah saking Gusti ingkang Maha Agung ingkang kedah kita syukuri sesarengan. Ing saben-saben mengeti ambal warsa Kabupaten Karanganyar, manah kita sami emut awit perjuanganipun pangeran Sambernyawa

utawi Raden Mas Said, inggih Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Aryo Mangkunegoro I ingkang minangka cikal bakal hadeging Kabupaten Karanganyar, dalasan ajaran Tri Dharma Pangeran Sambernyawa inggih menika :

1. Rumangsa melu handarbeni;
2. Wajib melu hangrungkebi;
3. Mulat sarira hangrasa wani.

Mugiya saget dados tambahing tekad saha greget warga gung masyarakat Kabupaten Karanganyar kangge nderek handarbeni saha tansah nyengkuyung kangge majengaken Kabupaten Karanganyar punapa dene tansah sageto sami hamawas diri ing salebetipun

nindakaken pengabdian wonten ing bebrayan Agung.

Raos syukur konjuk dhumateng Gusti Ingkang Murbeng Dumadi, ing warsa 2023 punika Pamarintah Kabupaten Karanganyar sampun kasil pikantuk pinten-pinten bebingah saha penghargaan ing antawisipun :

1. Gelaran SPM (Standar Pelayanan Minimal) Award Tahun 2023, Kabupaten Karanganyar pikantuk penghargaan minangka Peringkat 1 (setungaal) Kinerja Terbaik SPM (Standar Pelayanan Minimal) Kategori Kabupaten saking Kementerian Dalam Negeri. Penghargaan punika minangka ujud komitmen saha apresiasi dumateng

Pemerintah Kabupaten Karanganyar ingkang sampun paring pelayanan dasar dumateng Masyarakat kanti status “Tuntas Paripurna”.

2. Wonten ing wulan April 2023, Kabupaten Karanganyar pikantuk prestasi terbaik Nasional Penyelenggaraan Pemerintah Daerah Adedasar Evaluasi Penyelenggaraan Pemerintah Daerah (EPPD) Tahun 2022,
3. Penghargaan opini Wajar Tanpa Pengecualian (WTP) 9 (sembilan) kali berturut-turut saking Kementerian Keuangan awit pengelolaan laporan keuangan ingkang sae.
4. Penghargaan BKN Award saking Badan Kepegawaian Negara, Inggih punika

penghargaan Dumateng Kabupaten
Pengelola Manajemen ASN ingkang sae.

5. Penghargaan saking Kementerian
Kesehatan Republik Indonesia dumateng
Dinas Kesehatan Kabupaten
Karanganyar minangka peringkat
setunggal “Pemeringkatan Profil
Kesehatan Kabupaten / Kota Tahun
2023”.

6. Penghargaan Pengelolaan Program
Penurunan Angka Kematian Ibu (AKI)
Terbaik tingkat Provinsi Jawa Tengah
Tahun 2023.

Ugi unit-unit pelayanan wonten ing
Pemerintah Kabupaten Karanganyar,
sampun pikantuk Akreditasi standar
Nasional, inggih punika Perpustakaan

Daerah Kabupaten Karanganyar ingkang pikantuk Akreditasi A, ugi RSUD Kartini Karanganyar ingkang pikantuk Akreditasi tingkat Paripurna.

Tartamtu sedaya punika ugi awit penyengkuyung sedaya warga gung ing Kabupaten Karanganyar. Mugi sedaya bebingah lan penghargaan kalawau sageta dados penyemangat saha motivasi kagem Pamarentah ing salebetipun leladi dhumateng masyarakat ing wekdal-wekdal ingkang badhe dhateng. Tasih kathah bab ingkang kedah dipun ayahi kangge mujudaken kesejahteraan masyarakat Kabupaten Karanganyar, ing kalenggahan punika kula nyuwun dhumateng warga gung masyarakat Kabupaten

Karanganyar tansah hanyengkuyung tekad
*“Berjuang Bersama Memajukan
Karanganyar”*.

***Warga masyarakat Kabupaten
Karanganyar ingang tansah winengku
ing Karahayon,***

Ingkang salajengipun ing pengetan
ambal warsa kaping 106 hadeging
Kabupaten Karanganyar punika ingkang
mendhet irah irahan **“Karanganyar Maju
dan Mantap”**. Kula nyuwun sedaya
masyarakat Kabupaten Karanganyar
supados tansah hanggadahi pikiran Maju
ing kawontenan menopo kemawon saha
hanyengkuyung kanti Mantap sedaya
program-program Pamarintah, sesarengan
ndherek mersudi kangge mujudaken

Kabupaten Karanganyar ingkang langkung
majeng saha sejahtera.

Mekaten ingkang saget kula aturaken,
mugi Gusti Ingkang Maha Agung tansah
paring kanugerahan lan pangayoman
dhumateng panjenengan sedaya lan kula.

Maturnuwun,

**DIRGAHAYU SETUNGGAL ATUS ENEM
HADEGING KABUPATEN KARANGANYAR
"KARANGANYAR MAJU DAN MANTAP"**

**Wassalamu'alaikum Wr. Wb.
Om Shanti Shanti Shanti Om,
Namo Buddhaya.**



PIC. BUPATI KARANGANYAR,

H. ROBER CHRISTANTO, S.E., M.M.